



**NEW YORK CITY DEPARTMENT OF
HEALTH AND MENTAL HYGIENE**
Thomas Farley, M.D., M.P.H.
Commissioner



**Department of
Education**

Joel I. Klein, Chancellor

Avètisman sou ranvwa nan lekòl akòz vaksen ki manke

Non timoun lan :	ID elèv la:	
Lekòl:	Klas/salklas	Dat:

Chè Paran/ Chè Gadyen:

Lèt sa a se pou avèti w ke pitit ou a manke toujou nan vaksen yo egzije pou l pran yo. Dapre Lwa Sante Piblik, seksyon 2164, yo pa p pèmèt pitit ou a retounen lekòl apre jodi a sòfsi ou ka bay dokiman ki montre li te pran vaksen sa yo:

Vaksen	Dòz yo egzije	Remak
DTaP (<i>diphtheria-tetanus-acellular pertussis</i>)/DTP (<i>diphtheria-tetanus-pertussis</i>)/Td (<i>tetanus-diphtheria</i>) OSWA Tdap (<i>tetanus-diphtheria-acellular pertussis</i>)	1 2 3 4	Tdap: Pou tout timoun ki fèt nan dat 1ye janvye 1994 oswa apre epi k ap rantrè nan 6yèm, 7yèm oswa 8yèm ane.
OPV/IPV (<i>Polio</i>)	1 2 3	
Hib (<i>Haemophilus influenzae type b</i>)	1	Hib: Yon dòz nan laj 15 mwa oswa apre.
MMR (Woujòl, Malmouton, Saranpyon)	1 2	MMR: Yon dòz nan dat ki fè timoun lan yon lane oswa apre plis yon dezyèm dòz woujòl ki gen ldan l vaksen(MMR pi bon) ke yo bay sou 28 jou premye dòz la oswa apre.
Hep B (<i>Hepatitis B</i>)	1 2 3	
Var (<i>Varicella</i>) (varisèl)	1 2	Varisèl: Pou tout timoun jiska klas 10yèm ane, ki fèt 1ye janvye 1994 oswa apre, yon dòz nan dat ki fè yo yon lane oswa apre. Menmsi se yon dòz sèlman yo egzije, rekòmandasyon an se pou tout timoun resevwa de dòz vaksen ki gen varisèl. De dòz yo dwe gen omwen 28 jou ki separe yo.

Si w panse pitit ou a déjà resevwa vaksen sa yo, pote dosye orijinal la ba enfimiyè nan lekòl la oswa ba direktè a. Tanpri w ap jwenn nan anvlòp la yon kopi orè vaksen yo egzije nan lekòl pou ane 2009-2010 . Pou ka jwenn enfòmasyon sou kote pitit ou a ka pran vaksen , rele **311**.

Roger Platt, MD
Direktè, Biwo Sante nan Lekòl *Office of School Health*
Depatman Sante ak Ijyèn Mantal *Department of Health and Mental Hygiene(DOHMH)*

Oxiris Barbot, MD
Direktè medikal, Biwo Sante nan lekòl *Bureau of School Health*
Depatman Sante ak Ijyèn Mantal *Department of Health and Mental Hygiene(DOHMH)*

Kopi pou Dosye elèv la
Direktè/tris
Pwofesè pou kontwòl prezans